




# DIS FIJITIF FBI PLIS AP CHÈCHE

## VITEL'HOMME INNOCENT

Konplo pou Pran Moun An Otaj ; Pran Moun An Otaj ; Konplo pou Pran Moun An Otaj Ki Lakòz Lanmò ; Tantativ pou Pran Moun An Otaj Ki Lakòz Lanmò



### DESKRIPSYON

**Dat Nesans Li Itilize:** 27 mas 1986

**Lye Nesans:** Ayiti

**Cheve:** Nwa

**Je:** Mawon

**Wotè:** 5'7" pou 5'10" (1,70 m pou 1,78 m)

**Pwa:** 150 liv (68,18 kg)

**Sèks:** Gason

**Ras:** Nwa

**Nasyonalite:** Ayisyen

### REKONPANS

Pwogram Rekonpans kont Krim Òganize Transnasyonal nan Depatman Deta Ameriken ap ofri yon rekonpans ki rive jiska 2 milyon dola ameriken pou enfòmasyon ki pèmèt arestasyon ak/oswa kondanasyon Vitel'Homme Innocent.

### ATANSYON

Vitel'Homme Innocent, an tan ke chèf gang Kraze Baryè, ta travay ansanm avèk gang 400 Mawozo nan kidnapin 17 misyonè kreyen an Ayiti an oktòb 2021. Pami moun sa yo, te gen senk timoun e youn ladan yo se te yon ti bebe 8 mwa. Yo ta kenbe otaj yo anba presyon zam e pifò ladan yo te pase 61 jou an kaptivite. Gang lan te mande lajan pou chak viktim yo. Anplis de sa, an ba lòd Innocent, an oktòb 2022, gang Kraze Baryè a ta kidnape yon sitwayen ameriken an Ayiti, epi touye yon lòt sitwayen ameriken pandan tantativ kidnapin nan.

Rekizitwa ki soti nan Tribinal Distri Etazini pou Distri Columbia te akize Vitel'Homme Innocent kòm moun ki fè Konplo pou Pran Moun An Otaj ; Pran Moun An Otaj ; Konplo pou Pran Moun An Otaj Ki Lakòz Lanmò ; epi Tantativ pou Pran Moun An Otaj Ki Lakòz Lanmò.

### NOU DWE KONSIDERE L AME E DANJERE

Si ou genyen nenpòt ki enfòmasyon konsènan moun sa, silvouplè kontakte biwo FBI bò lakay ou oswa Anbasad oswa konsila Ameriken ki pi pre a.

**Biwo Lokal :** Miami